



Pou Piblikasyon Imedya: 13/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI YON NOUVO SANT LWAZI NAN LETCWORTH STATE PARK

*Douch istorik restore a gen ladan l' yon espas jwèt anplennè, yon sant rafting  
nan dlo kouri*

*Foto yo disponib [isit la](#)*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse yon nouvo sant lwazi anplennè ki koute 2 milyon dola ap ouvri nan Letchworth State Park. Konstriksyon an te kòmanse an avril 2019 e l' te fini tou dènyeman an. Zòn Lwazi Lower Falls la ofri yon nouvo opsyon distraksyon pou pwofite youn nan meyè destinasyon touristik ki nan rejyon Finger Lakes yo.

"Letchworth State Park se youn nan bijou ki nan kouwòn New York la epi li bay fanmi ak moun tout laj yo yon bote enkonparab ak posibilite lwazi anplennè", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Avèk yon nouvo espas jwèt, bouk kondisyon fizik ak etablisman pou rafting nan dlo kouri a, amelyorasyon sa yo ap pèmèt vizitè yo anmize yo, fè eksperyans ak yon avanti oswa detann yo, menm pandan moman difisil sa yo."

Nouvo Zòn Lwazi Lower Falls la te fè gen yon pisin ki pa itilize nou retire nan zòn Konplèk Sid la ak reparasyon yon douch piblik istorik ke konsesyonè rafting nan dlo kouri yo, Adventure Calls Outfitters yo itilize.

Nouvo zòn lwazi a gen jwèt tab, teren badminton ak pekobòl, petank ak jwèt palèt ansanm ak bouk kondisyon fizik. Se inisyativ investisman NY Parks 2020 an ki te finanse pwojè sa a.

**Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare**, "Nouvo Zòn Lwazi Lower Falls la se yon lòt egzanp angajman Gouvènè Cuomo pou amelyore etablisman Pak Eta yo dapre pwogram NY Parks 2020 an. Tout bon vre se yon gwo kote nan pak la kote moun tout laj ka vin rasanble pou anmize yo, ri epi fè konpetisyon amikal".

**Senatè Patrick Gallivan te deklare**, "Eta New York beni ak kèk nan pi bèl pak ki gen nan peyi a e Letchworth pami sa ki plis popilè yo pou rezidan ak vizitè. Nou gen chans genyen l nan lakou nou. Investiman eta a nan nouvo Zòn Lwazi Lower Falls la pral amelyore eksperyans pak la ak ede atire nouvo vizitè nan pak la ak nan rejyon an.

Mwen envite tout moun vin wè bèl nouvo ajoutasyon sa a epi pase yon ti moman pou eksplòre tout sa Letchworth State Park gen pou ofri".

Letchworth State Park se youn nan rejyon ki plis mayifik nan pati lès Etazini an. Larivyè Genesee ap gwonde nan gòj sou twa gwo kaskad nan mitan falèz - jiska 600 pye nan kèk zòn - ki antoure pa gwo forè. Randonè yo ka chwazi pami 66 kilomèt santye randone. Gen santye ki disponib tou pou kous cheval, bekàn, motonèj ak ski.

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik nan Eta New York (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) lan sipèvize plis pase 250 pak endividyèl, sit istorik, santye rekreyatif ak lansman bato, ke yon kantite rekò 77 milyon moun te vizite an 2019. Resaman, yon etid inivèsite te jwenn ke depans State Parks yo ak vizitè yo fè rapòte 5 milya dola nan pwodiksyon ak lavant, sipòte 54,000 djòb nan sektè prive an, epi plis pase 2.8 milya dola anplis pou PEB (an kreyòl, Pwodwi Enteryè Brit) Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt zòn rekreyatif sa yo, rele 518-474-0456 oswa vizite [parks.ny.gov](https://parks.ny.gov), konekte sou [Facebook](https://www.facebook.com/nystateparks), oswa swiv nou sou [Twitter](https://twitter.com/nystateparks).

###

Lèt nouwèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)